



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

*Le Premier Ministre*

**MEMORANDÒM**  
**POU TOUT ÒDONATÈ (RESPONSAB) ENSTITISYON**  
**ADMINISTRASYON PIBLIK LA**  
**LÈT KADRAJ PWOJÈ BIDJÈ 2023-2024 LA**

**Mesyedam Òdonatè yo**

Mwen salye fòs kouraj ak volonte nou montre, sitou pandan egzèsis fiskal 2022-2023 a. Jefò nou fè pou nou ranpli devwa lalwa Repiblik la ban nou an kòm sadwa, pou nou bay popilasyon an sèvis san fòs kote. Nan mwens ke twa (3) mwa, egzèsis fiskal la ap fini. Se okazyon pou nou prepare ki direksyon bidjè 2023-2024 la ap pran. Pou nou fè sa, fòk nou konsidere de (2) eleman enpòtan sa yo : 1) Sitiyasyon peyi a nan sa ki gen pou wè ak kondisyon politik e sosyal yo epi 2) pwogramasyon resèt ak depans Leta yo sou plizyè lane.

Anvan nou rapousib tout analiz sa yo, n ap pwofite okazyon sa a tou pou nou fè yon kout tèt sou sa ki te pase pandan egzèsis fiskal 2022-2023 nan kad angajman nou te pran yo, ki konsène sitou : fè ekonomi peyi a reprann jarèt ; kreye kondisyon pou fè jan moun nan sosyete a ap viv la vi n miyò epi regle pwoblèm ensekirite a.

**Sou sa ki gen pou wè ak gouvènans ekonomik ak jesyon lajan Leta a**, nap konsantre efò nou sou yon ekonomi ki p ap monte desann san okenn kontwòl (estabilite makwoekonomik). Gen anpil pwogrè ki fèt sou plizyè refòm ki gen nen nan figi yo : nou adopte epi pibliye Kòd sou Ladwàn ak Kòd Jeneral Enpo yo. Yon sèl Kont Trezò a ki kouvri tout lòt kont enstitisyon yo t ap jere apa yo. Nou adopte yon Kad sou bidjè a sou plizyè lane epi nou pibliye tout kontra mache piblik yo ansanm ak tout founisè ki benefisye mache sa yo. Mete sou sa, Gouvènman an adopte lwa ak lòt tèks legal kont tout sa ki gen pou wè ak blanchi lajan epi finanse zak teworis.





*Le Premier Ministre*

Se rezilta refòm sa yo ki pèmèt nou : fè bon previzyon sou kantite lajan ki gen pou rantre nan kès Leta a ; byen jere defisi bidjè Leta a ; mete pi bon teknik pou fè depans Leta yo yon fason pou pèmèt rapò sou egzekisyon ak kontwòl depans yo fèt pi fasil ; ranfòse jan enstitisyon Leta yo ap pase epi egzekite mache piblik yo pou yo fèt nan transparans, san voye wòch kache men ; mete pi bon zouti ki tabli sou lalwa pou goumen kont blanchi lajan ak finansman teworis. Se tout travay sa yo ki pèmèt nou siyen yon pwogram ak Fon Monetè Entènasyonal nan mwa jen 2022 ki sot pase a.

**Nan domèn sosyal**, pi gwo pwoblèm nou gen pou nou jere, se pwoteje popilasyon an kont pri yo k ap kannale monte, Se pou sa Gouvènman an fè anpil jefò pou li ogmante bidjè Ministè Afè Sosyal ak Travay, sa ki pèmèt li gen mwayen pou li finanse pwogram ki te kreye nan lide pou chanje kondisyon lavi popilasyon an. Anmenmtan nou ranfòse sistèm enfòmasyon ki la pou kouvri plis moun ki nan nesosite.

**Sou jefò k ap fèt pou konbat ensekirite nan peyi a**, Gouvènman an kontinye achte gwo materyèl lou, ki modèn epi ki koresponn ak sa Lapolis ak Lame bezwen. Gouvènman an pran dispozisyon tou pou kontwole pi byen jan machandiz ap rantre Ladwàn, yon fason pou kwape moun ki chwazi pa peye sa yo dwe Leta kòm sadwa epi kontwole zam, katouch ak lòt pwodwi malveyan k ap rantre nan peyi a nenpòt kijan.

Menm lè tout jefò sa yo fèt, ensekirite a kontinye bay anpil kè sote epi mete yon kokenn chenn baryè pou aktivite ekonomi peyi a reprann kòm sadwa pandan egzèsis fiskal 2022-2023 a. Sa ki fè tou kondisyon pou fè eleksyon nan peyi a pou renouvle pèsònèl politik la, vin pi difisil chak jou. Se konsa, enfòmasyon nou rive kolekte jiskaprezan, fè nou prevwa ke ekonomi peyi a ap kontinye fè bak pou ane fiskal 2022-2023 a. Chif yo montre se mwens 0.4 pousan (-0.4%) n ap k ap fè rive septanm 2023 alòske nou te fè kalkil ekonomi peyi a ta pral vanse tou piti (+0.3%). Tou sa se akòz pri pwodui pemye nesosite yo ki kontinye ap moute tèt nèg, ensekirite a k ap vale teren ki fè ke machandiz pa ka sikile nan peyi a, makonnen ak pri dola ameriken an ki kontinye ap monte bwa. Se youn nan rezon ki fè pwogram nou te prevwa pou fè ekonomi an vanse epi bese pousantaj moun ki nan lamizè yo pa rive egzekite.

Sipò bidjè entènasyonal la te pwomèt nou an pa rive konplete gwo jefò Ladwàn ak Direksyon Jeneral Enpo fè pou rantre lajan nan kès Trezò Piblik la. Malgre sa ekilib makwoekonomik la pa pèdi pye. Ralantisman envestisman piblik kou prive ak Pwogram pou remanbre Penensil Sid la ki te pran tan pou li egzekite, fè kwasans ekonomi peyi a ap trennen pye jiskaprezan.





*Le Premier Ministre*

**Mesyedam,**

Ekonomi peyi a fè fas kare avèk anpil difikilte pandan lane ki sot pase yo : Kriz sosyal ak kriz politik makonnen ak ensekirite yo la pi rèd. Chòk lanati a k ap brase bil peyi a melanje ak epidemi ak pwoblèm ekonomi peyi a fè kantite moun ki pa manje yo vin pi plis chak jou depi plizyè lane. Pwoblèm k ap pase anndan ak deyò peyi a makonnen ansanm ki fè pwodui petwòl yo vin pi chè. Pou sa ki ap pase anndan peyi a, nou ka site : pri machann yo ap negosye ak sa k ap achte yo vin pi wo poutèt ensekirite a; pri pwodui ki gen rapò ak gaz yo ki vin pi difisil pou jwenn ; kantite machandiz n ap achte lòbò dlo yo k ap vin pi piti chak jou ; pri dola k ap monte desann san rete. Sitiyasyon sa a bay Gouvènman an plis pwoblèm pou li fè fas kare ak pwoblèm li gen pou li rezoud yo. Pwoblèm nap sibi ki gen pou wè ak sa k ap pase deyò peyi a konsène sa k ap pase nan lagè peyi Larisi ak peyi Ikrèn nan. Sa ki gen gwo konsekans sou lavichè a, sitou pou 4,9 milyon moun ki pa ka manje nan peyi a epi ki bezwen yon kout men prese prese.

Sitiyasyon ekonomik difisil makonnen tou ak relasyon nou genyen ak lòbò dlo. Pandan sis (6) premye mwa egzèsis fiskal 2022-2023 a, kantite kòb dyaspora a konn voye pou fanmi k ap viv nan peyi a bese a 9% anviron, alòske, nan tan nòmal, dyaspora a konn fè pi bon jès ak pwòch li yo sitou lè peyi a twouve l nan sitiyasyon malouk sa yo. Pandan senk (5) premye mwa ane fiskal la sèlman, valè machandiz peyi a konn voye lòbò dlo yo bese anpil (-21,6%), sa ki reprezante 40% nan kantite byen ak sèvis peyi a pwodui. Se paske gen anpil biznis k ap fèmen pòt sitou nan sa ki gen pou wè ak biznis kap travay sou pwodui ki fèt alamen yo ki mete nou nan sitiyasyon sa a. L ap pran yon bon ti tan pou nou korije sitiyasyon sa a paske kantite pwodui sa yo na p voye vann lòbò yo monte desann dapre chak peryòd nan ane a.

Sou sa ki gen pou wè ak jan lajan Leta a ap jere (Finans Pilik peyi a), nou pa ka pa fè limyè sou jefò enstitisyon ki la pou ranmase lajan enpo ak taks nan peyi a, sitou Administrasyon Jeneral Dwàn ki suiv lòd Gouvènman an pase li pou li ranfòse kontwòl tout sa k ap rantre nan peyi a epi kwape zak koripsyon ak trafik zam. Si lajan DGI ak Ladwàn rantre yo ogmante pou rive 56%, resèt Ladwàn yo pou kont yo, melanje ak resèt ki fèt sou gaz la, vale teren. Pou sa ki gen pou wè ak depans Leta yo, yo bese tou piti lè nou konsidere menm peryòd egzèsis fiskal ki sot pase a. Soti nan mwa oktòb 2022 pou rive nan mwa jen 2023 depans ki soti nan bidjè Leta a te bese 6%. Ti ralantisman sa a soti nan depans ki konn fèt pou sibvansyon sitou pwodui ki





*Le Premier Ministre*

konsène petwòl yo ki fè yon bon bese (-63%). Poutan, depans ki gen rapò ak investisman yo ogmante (129%)., Avèk ogmantasyon sa a, Gouvènman an vle montre volonte li genyen pou li soutni sila yo ki pi frajil yo. Se pou sa li mete sou pye yon pwogram ki gen plizyè ministè ladan li pou atake pwoblèm lamizè nan sosyete a ak bay kategori moun ki pi frajil yo mwayen pou yo fonksyone nan sosyete a tankou tout moun.

Nan dat 30 jen 2023, finansman Bank Santral la te anba limit ki te prevwa nan bidjè 2022-2023 a, dapre angajman nan dokiman Ministè Finans te siyen ak Bank Repiblik Ayiti a. Alòske nan dat 30 jen 2022 finansman an te 31,9 milya goud, pou ane sa li bese plat atè (-74%) pou li rive 8,3 milya goud 30 jen. Finansman sa a, se sèlman 24% nan chif ki te prevwa nan dokiman nou fenk sot site la a ki gen rapò ak jan Leta a ap jere depans yo. Fòk nou di tou, Bon Trezò Piblik nou emèt yo (108,1 milya goud), pi piti pase lajan nou depanse pou ranbouse dèt ki konsène Bon sa yo (111 milya goud). Sa vle di lajan Leta gen pou remèt sou Bon yo pi plis pase sa li mete sou mache a.

Tout sa ki sot di la a yo fè nou konprann n ap prepare Bidjè 2023-2024 la nan kondisyon ki pa fasil ditou.

**Mesyedam Òdonatè yo,**

**Pou egzèsis fiskal 2023-2024 k ap vini an, pi gwo priyorite a se travay pou tout endikatè makwoekonomik yo estab, sa ki ka fè ekonomi an remonte.** N ap travay tou pou pri byen ak sèvis yo ak pri dola a pa plede monte desann san rete. Se sa k ap ankouraje sektè prive a investi nan peyi a. Se sèlman sa k ap pèmèt popilasyon an jwenn yon lavi miyò sitou pou 4,9 milyon moun sa yo k ap viv anba gwo menas grangou, sa yo rele « ensekirite alimantè ». Kòm ekonomi peyi a se yon ekonomi ki konsantre plis sou agrikilti, pou ti krik ti krak move tan ka gaye wonn nan. Move tan sa yo, tankou inondasyon, sechrès, tanpèt, konn tèlman fò yo konn kraze jaden, materyèl ak ekipman agrikòl yo. Sitiyasyon sa a fè ti tchotcho agrikiltè yo gen pou yo viv la ap vin pi piti chak jou. Pou egzèsis fiskal 2023-2024 k ap vini an, Gouvènman an pral travay pou agrikilti peyi a gen plis mwayen pou li vin pi rezistan lè lanati dechennen epi pou agrikiltè yo rekòmanse pwodui. N ap fè tout sa nou kapab pou nou pa rate kanpay agrikòl ki konn fèt nan mwa desann ak nan mwa mas yo epi pou Pwogram pou remanbre Penensil Sid la lanse tout bon vre. Si sa rive fèt, nou ka espere pou lane fiskal 2023-2024 a :





*Le Premier Ministre*

- Yon ogmantasyon kantite byen ak sèvis peyi a gen pou pwodui (+0.7%) ;
- Kenbe pri yo anba 16,8% nan fen mwa septanm 2024 la.

Pou nou kenbe pwotokòl sa a, fòk tout sektè yo makonnen ansanm nan menm direksyon. Popilasyon an ap gad ale nou e yo konte sou nou pou nou pa fè aksyon ki depaman men pito aksyon k ap bay bon jan rezilta. Pou sa fèt, fòk aksyon n ap mennen yo pèmèt sekirite tabli nan peyi a pou yon bon tan. Se sa ki poto mitan aksyon n ap mennen pou ekonomi peyi a remanbre. Si lapè ak sekirite pa tabli, se wè n a wè investisè etranje vin investi nan peyi a. Dayè, jan nou ka konstate li, investisman sa yo ap degrenngole depi plizyè lane. Nan kondisyon sa yo l ap pi difisil pou nou menm panse òganize eleksyon nan peyi a.

Pou nou pa pèdi benefis aksyon nou mennen pou fè ekonomi an vin estab plizoumwenn nan lane 2023-2024 a, fòk nou twouse ponyèt nou pou nou kontinye : (i) Mennen byen gouvènans peyi a ; (ii) Mete lòd nan jan lajan Leta ap rantrè ak jan l ap depanse epi chita ak Bank Santral sou jan n ap finanse defisi Leta a, si genyen; (iii) Respekte angajman ki nan pwogram nou te siyen ak Fon Monetè Entènasyonal nan dat 29 jen 2023.

**Mesyedam Ôdonatè yo,**

**Priyorite Gouvènman an pou egzèsis fiskal k ap vini an se fè yon fason pou kondisyon sekirite yo vin miyò, fè eleksyon, fè ekonomi peyi a retounen ogmante, gen kontwòl tout tansyon ki gen nan sosyete a epi jere gouvènans lan pi byen. Bagay sa yo enpòtan anpil. Pou sa rive fèt, n ap konsantre nou sou sa ki pi enpòtan yo pou nou byen jere ti kal resous nou genyen yo epi evite fè plon gaye. N ap rapousib tou jefò ki fèt deja pou plis lajan rantrè nan kès Leta a anmenmtan n ap veye pou depans yo fèt nan pi bon kondisyon toujou.**

**N ap mande tout enstitisyon Leta yo pou yo prese mennen aksyon ki bay bon jan rezilta pou tout moun ka wè aklè sitou nan sa ki gen pou wè ak priyorite Leta a. Nou dwe sèvi ak kredi k ap nan bidjè nou yo pou nou:**

1. Ranfòse Lapolis la pou li gen mwayen pou l konbat ensekirite epi anpeche bandi ak zam simaye latwoubly nan peyi a;
2. Jere bidjè Lapolis la pi byen yon fason yo pou sèvis l ap bay yo ateri nan tout depatman nan peyi a;





*Le Premier Ministre*

3. Fè referandòm, pou mande pèp la si li dakò pou gen yon lòt konstitisyon ki mache ak reyalite moman an epi òganize eleksyon nan peyi a pou renouvle pèsònèl politik la yon fason pou demokrasi a vin pi djanm;
4. Aplike pwogram sosyal yo yon manyè pou nou diminye konsekans pri yo k ap monte san rete sou sila yo ki pi pòv yo, fè moun ki ka manje jwenn manje sa k ap pèmèt nou rive fè gwo refòm nou te prevwa yo;
5. Mete lajan pou finanse materyèl lou pou agrikilti pou ranfòse pwodiksyon nasyonal la, sa ki ka fè pri machandiz yo sispann monte bwa;
6. Egzekite Pwogram pou remanbre Penensil Sid la (PRIPS) tranblemanntè 14 dawout 2021 an te ravaje a. Pou sa, n ap konsantre sou twa (3) domèn ki se **konstriksyon ki rezistan** nan travo piblik, ledikasyon ak anviwonman;
7. Akonpaye sektè prive a yon fason pou li kreye plis djòb nan ekonomi an;
8. Kontinye goumen kont tout moun k ap fè lajan Leta a fè wout kwochi lè yo pa peye sa yo dwe yo epi kont moun k ap finanse zak teworis ak blanchi lajan;
9. Fè yon fason pou Administrasyon Leta fonksyone nan yon sistèm tou nèf; pou sa fèt fòk lwa ki òganize tout ministè yo ak enstitisyon ki anba yo a refèt, sa k ap pèmèt yo bay popilasyon an bon jan sèvis;
10. Fè òganis otonòm yo travay nan transparans pou sa fèt fòk tout Konsèy Administrayon yo remanbre epi travay regilyèman jan sa prevwa nan dekrè 17 me 2005 lan ki bay kòman administrasyon Leta dwe òganize; fòk tou òganis otonòm sa yo bay rapò chak twa (3) mwa epi pou rapò sa yo piblik;
11. Bay enstitition ki la pou mete kontwòl sou jan Leta a ap depanse (CSCCA, UCREF, ULCC, CNMP, IGF) plis jarèt;
12. Veye pou politik n ap mennen yo pa gen fòs kote nan sa ki gen pou wè ak gason ak fanm; moun ki andikape yo;
13. Kontinye goumen kont trafik k ap fèt sou moun.

**Anmenmtan n ap mande tout enstitisyon yo pou depans ki gen pou fèt nan bidjè yo fèt san gaspiyay, yon fason pou nou ka fè ekonomi pou nou envesti pi plis.**

**Pou sa ki gen pou wè ak politik sou bidjè Leta a, n ap kontinye respekte angajman nou te pran yo pou nou fè finansman Bank Santral la pi piti chak jou pou nou gen kontwòl pri yo kap plede monte san rete epi pou nou fè plis depans ki ka fè ekonomi peyi a vanse. Pou plis detay, nou gen pou nou :**

- Fè enstitisyon ki la pou ranmase lajan pou Leta yo bay pi bon rannman posib nèt ale ;





*Le Premier Ministre*

- Fè presyon fiskal la pase a 6,6% pou egzèsis fiskal 2023-2024 la ;
- Teke fren depans fonksyonman yo epi mete plis mwayen pou depans envestisman yo;
- Prepare plan mache piblik yo nan yon tan ki pa twò long;
- Mete mwayen nan bidjè Konsèy Elektoral la pou finanse eleksyon yo;
- Mete nan bidjè 2023-2024 la lajan ki te nan bidjè 2022-2023 a men ki pat gentan depanse pou finanse pwogram sosyal yo;
- Ogmante depans ki gen rapò ak konstriksyon yo;
- Mete bon jan mwayen pou Lapolis ak Lame konbat ensekirite nan peyi a;
- Diminye finansman Bank Santral la tipa tipa epi fè Bon Trezò Piblik yo bay plis ranman ;
- Fè yon fason pou tout moun gen aksè pou achte Bon Trezò Piblik yo ;
- Fè defisi bidjè Leta a vin piti pou li rive 1,8% alòske li te 1,9% nan bidjè 2022-2023 a.

**Li enpòtan anpil pou nou ranfòse tout refòm Gouvènman an ap mennen nan jan l ap jere lajan Leta a, pou sa fèt pi byen toujou.** Pou nou ale nan menm sans ak dokiman pwogramasyon resèt ak depans Leta yo sou plizyè lane a, Bidjè 2023-2024 la ap konsantre li sou :

- Egzekisyon plan pou Kòd Fiskal nou te adopte nan mwa desanm 2022 a la koumanse aplike ;
- Pèmèt enfòmasyon sikile pi byen ant enstitisyon ki la pou ranmase lajan pou Leta yo ak Direksyon Jeneral Trezò ak Kontablite Piblik (DGTCP).
- Mete sou pye Lwa ak règleman sou pwodui ki soti nan petwòl yo (N ap tou pwofite rewè lwa 5 fevriye 1995 ki te mete taks sou pwodui ki soti nan petwòl yo) ;
- Rewè Plan Estratejik pou Devlopman Peyi Ayiti a (PSDH);
- Bay tèt nou repondong pou nou ka fè fas kare lè lanati frappe pye l ;
- Kreve kondisyon pou aplike dokiman politik pou devlope epi ankouraje pwogram devlopman sosyal yo ;

M ap mande nou, Mesyedam Ôdonatè yo, pou nou sèvi ak lèt sa a, kòm si se nou menm ki te ekri l, pou li gide nou nan jan n ap prepare bidjè nou yo epi fè yon jan pou li pibliye nan tout enstitisyon n ap dirije yo.

Pòtoprens, 2 dawout 2023

Doktè Ariel HENRY